



Pou Piblikasyon Imedya: 24/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU LAKOU SIPRÈM KI AKÒDE ENJONKSYON PRELIMINÈ POU PREZÈVE KOMISYON BÒ DLO A

"Lakou Siprèm te akòde mosyon nou an pou yon enjeksyon preliminè ki anpeche New Jersey retire tèt li yon fason inilateral nan Komisyon Bò Dlo a. Desizyon rapid sa, ki soti nan mwens pase 24 èdtan apre New York te fin depoze repons nou, se yon viktwa pou sekirite Nouyòkè yo ak pou sante ekonomi nou an. Lè nou konsidere ensètitud jewopolitik aktyèl la, travay Komisyon Bò Dlo a nan konbat krim nan pò a ak pwoteje endistri vital yo pi enpòtan ke sa te janm ye anvan. Mwen remèsye Pwokirè Jeneral, Solisite Jeneral Underwood ak tout ekip la pou travay yo sou dosye sa nan non Eta New York. Nou pral kontinye batay pou Nouyòkè yo ka reprime koripsyon ak krim epi pwoteje transpò machandiz an sekirite".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418